



Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PÈMÈT ETIDYAN ATLET KOLÈJ
YO RESEVWA KONPANSASYON POU APWOBASYON AK PATISIPASYON
ATLLETIK**

Lejislasyon (S.5891-F/A.5115-E) pèmèt etidyan atlèt kolèj yo resevwa konpansasyon pou itilizasyon non, imaj, oswa resanblans epi yo dwe reprezante pa yon avoka oswa yon ajan

Gouvènè Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.5891-F/A.5115-E) ki pèmèt etidyan atlèt kolèj New York yo resevwa konpansasyon pou non, imaj, oswa resanblans yo san risk pou yo pèdi bousdetid yo oswa kalifikasyon yo pou yo patisipe nan espò kolèj yo.

"Etidyan atlèt kolèj nou yo se ewo sou teren an - epi yo merite pou yo trete yo tankou ewo menm apre kout siflè final la", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan twò lontan, etidyan atlèt kolèj yo pa te kapab benefisyé avantaj ekstrawòdinè travay di pa yo te bay lekòl pa yo. Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a ki pral ede etidyan atlèt kolèj New York yo jwenn rekonesans yo merite."

Espesyalman, lejislasyon sa a entèdi yon konferans atletik inivèsitè oswa yon kolèj - enkli Asosiyasyon Nasyonal Espò Kolejyal (National Collegiate Athletic Association, NCAA) - pou respekte nenpòt règ ki anpeche etidyan yo touche konpansasyon akòz itilizasyon non, imaj, oswa resanblans etidyan atlèt la, pou yo patisipe nan konpetisyon atletik kolejyal akoz konpansasyon sa yo. Li entèdi tou yon konferans atletik inivèsitè oswa kolejyal pou bay yon etidyan konpansasyon pou itilize non, imaj, oswa resanblans epi li pèmèt jwè yo sèvi ak reprezantasyon pwofesyonèl ki founi pa avoka ak ajan atlèt ki gen lisans nan Eta New York. Anplis de sa, nouvo lwa a egzije pou kolèj k ap patisipe nan espò NCAA Divizyon I an pou yo bay etidyan-atlèt yo sèvis nan fòm asistans pou konplete degre, devlopman karyè, sante finansye ak mantal, fòmasyon kont diskriminasyon ak asèlman, ak fòmasyon lidèchip.

Anvan yo te fè chanjman nan politik NCAA an 2021 pou pèmèt kontra NIL yo, yo te konsidere entèdiksyon pèman etidyan-atlèt pou travay yo kòm enjis ak eksplwatan. Sa a te patikilyèman afekte etidyan koulè yo. Etidyan-atlèt pran gwo risk, nan avantaj kolèj yo, epi yo pa te pèmèt yo pataje nan avantaj sa a odela yon bousdetid, ki ka lajman pi ba pase revni yo ap pwodui pou lekòl la.

Lejislasyon sa a pral etabli kounye a lwa eksprime nan New York ki pèmèt elèv yo pataje nan avantaj ekonomik yo kreye pa reyalizasyon atletik yo, ansanm ak kolèj yo ak inivèsite yo ki ka jenere revni atravè medya, lavant tikè, ak machandiz.

NCAA te rapòte ke revni total ki te pwodwi pa depatman atletik te totalize prèske 19 milya dola an 2019. Pami revni sa a, plis pase 2 milya dola te soti nan lavant tikè.

Senatè Eta Kevin S. Parker te deklare, "Apre plizyè ane nan defans ak travay di, mwen plis ke kontan dèské Gouvènè Hochul te siyen lwa sa a pou sipòte ak pwoteje atlèt Divizyon I Asosiyasyon Nasjonal Espò Kolejyal (NCAA) nou yo. Lejislasyon revolisyònè sa a pral pèmèt elèv-atlèt nou yo rete lekòl, jenere konpansasyon finansye pou non, imaj, ak resanblans, epi pwoteje bousdetid atletik ak elijiblite akademik menm apre yon blesi. Resevwa yon bousdetid pa ta dwe baz pou refize atlèt yo plis konpansasyon sitou lè anpil nan yo soti nan kominote ki tradisyonèlman majinalize kote pou yo debwouye yo se yon dilèm chak jou. Mwen fyè dèské m gen sipò kòlèg mwen yo nan Sena a ak nan Asamble a, espesyalman Manm Asamble a Michaelle Solages, ki te rejwenn mwen nan efò sa a pou asire etidyan-atlèt nou yo gen tout opòtinite pou yo reyisi pa sèlman nan enstitisyon pa yo, men tou lè yo gradye."

Manm Asamble a Michaelle C. Solages te deklare, "Jodi a, nou kanpe ak etidyan-atlèt yo, ansyen etidyan-atlèt, fanmi yo, ak lejislatè yo nan franchi yon gwo etap nan bon direksyon an pou etidyan-atlèt nou yo. Anpil atlèt, kèk nan yo pa t ap gen resous pou yo ale nan kolèj si se pa te akoz gwo abilité atletik yo, yo soti nan kominote ki tradisyonèlman majinalize yo kote debwouye yo se yon enkyetid chak jou. Opòtinite pou peye depans pou viv andeyò sa bous detid yo ofri pral yon eleman ki pote chanjman nan jwèt la pou anpil etidyan-atlèt ak fanmi yo. Nou espere ke kolèj DI yo pral kontinye veye pou pi bon enterè etidyan-atlèt yo lè yo etabli plan ekonomi pou etidyan yo, ansanm ak yon fon pou etidyan-atlèt ki gen pwoblèm finansyè, jan pwojè lwa nou an sijere."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418